

# KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

SEPTANM 2018

Bilten 11, NIMEWO 45  
SA KI LADAN:  
- #MiamiReads  
- Nou Ka Ede!  
- Depoze !!

## BYEN KÒMANSE ANE A!



## LEKÒL NOUVO, RENOVE AKEYI ELÈV M-DCPS YO

Aprè antouyas abityèl kòmansman yon nouvo ane lekòl, elèv, anplwaye ak kominate a ka atann pou yo wè ouvèti plizyè nouvo bél bidding "Miami-Dade County Public Schools" (M-DCPS) (Lekòl Leta Miami-Dade County) pandan ane lekòl 2018-2019 la. Kanpous briyan sa yo te vin posib gras ak fon envestisman ansanm avèk sous finansman prensipal - "General Obligation Bonds (GOB)" (Bon Obligasyon Jeneral) la - pou renove, remodle e ranplase lekòl;



ogmante kapasite elèv; amelyore sekirite e mete teknoloji ajou. Ane sa a, nou gen pou nou devwale \$147

milyon nan amelyorasyon bidding nan plis pase 60 lekòl gras ak GOB a. #GOBprogress

## REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

**10 OKTÒB**  
11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

**20 NOVANM**  
10:00 dimaten  
Reyinyon  
Òganizasyonèl  
11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

DAT AK  
ENFÒMASYON  
ENPÒTAN

27 septanm – Jou pou Lage Lekòl Segondè Bonè<sup>1</sup>  
ye oktòb – Enskripsyón Magnet Kòmanse  
26 oktòb – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

## SPRINT 1 MILLION PROJECT



Lekòl Leta Miami-Dade County ap elagi distribisyon "smartphones" (telefòn entelijan) "Sprint 1 Million Project (1MP)" (Pwojè 1Milyon Sprint) li a pou l ajouté ladan elèv 11èm ak 12èm ane eskolè yo. Inisyalman, pwojè a te ouvè pou elèv 9èm ak 10èm ane eskolè, men kòmanse an 2018-19, tout elèv lekòl segondè (9èm-12èm ane eskolè) ki satisfè kritè elijibilite Sprint 1MP yo ka resevwa aparèy telefòn entelijan/Entènèt entegre yo. Pou elèv elijib pou resevwa yon aparèy, yo dwe kalifye pou repa midi gratis e nan pri redui a e fò yo pa genyen Entènèt gran vitès lakay yo. Sprint defini pa gen Entènèt gran vitès lakay kòm: pa gen

aksè Entènèt lakay ditou; plizyè elèv nan menm kay la, travay sou yon sèl òdinatè; Gen Entènèt nan kay la, men vitès la trè fèb e li pa adekwat pou devwa.

Pwojè 1 Million an ofri elèv ki elijib yo yon telefòn entelijan Android pou yo sèvi pandan yo nan lekòl segondè M-DCPS, kapasite Entènèt entegre gratis pandan yo sou Rezo Sprint la, 3 'GB' done LTE gran vitès gratis pa mwa pandan yo sou Rezo Sprint la, done san limit ak vitès '2G/Vva ak Tèks san limit (okenn apèl long distans entènasyonal), ak apèl lokal san limit/tèks pandan yo sou Rezo Sprint la. Elèv ki elijib yo dwe ranpli fòm konsantman obligatwa a, siyen li e remèt li bay anplwaye yo deziyen nan lekòl la

Pou enfòmasyon konsènan Pwojè 1 Million Sprint la, vizite <http://digital.dadeschools.net/sprint.aspx> oubyen paj Resous Sprint pou Elèv la nan <http://www.1millionproject.org/student-resources>.

## #MIAMIREADS AP KENBE ELÈV NOU YO NAN LEKTI



M-DCPS rekonèt lekti se ladrès ki pi empòtan ki detèmine siksè nan lekòl. Nou ankouraje elèv nou yo pou yo li pandan yo jèn e nou ofri opòtinitè ki san parèy e ki kreyatif pou pwo-mote lekti/ ekriti. Vizyon nou se angaje tout kominote a nan lekti lè nou patwone Kanpay #MiamiReads la. Nou ap lanse ane lekòl 2018-2019 la avèk inisyativ lekti/ekriti dinamik sa a.

Kanpay la kòmanse an septanm avèk mwa "Library Card Sign Up" (Enskripsyon pou Kat Bibliyotèk). M-DCPS ak 'Miami-Dade County Public Library System' ede elèv ak paran yo enskri pou yon kat bibliyotèk gratis! Anplis, chak mwa sou sit Entènèt nou an, <http://Read.Dadeschools.net>, elèv ka jwenn liv ki ranpòte prim ansanm ak opòtinitè pou rekonèt otè ki ekri liv sa yo.

Kanpay #MiamiReads la prezante evènman kominotè espesyal tankou "Miami Book Fair International" (Fwa Liv Entènasyonal nan Miami) an novanm, "Celebrate Literacy Week, Florida" (Selebre Lekti/Ekriti, Florid) an Janvye ak "Women's History Month Read-In Chain" (Chèn Lekti pou Mwa Istorik Fi) an mas. An me, divès lidè kominotè pral vizite lekòl pou li pou elèv yo pou diskrite enflyians liv te fè nan lavi yo. Nou ankouraje ou pou w patisipe avèk nou nan fè lekti vin tounen fondasyon pou aprantisaj tout lavi. Pou plis enfòmasyon sou #MiamiReads silvouplè vizite sit Entènèt nou an oubyen suiv nou sou medya sosyal nan @MDCPS oubyen @MDCPS\_ELA.

**Ou siphann yon moun ap fè lekti? Itilize afich #MiamiReads la pou w montre empòtans lekti atravè kominote a.**

## ÈD FEDERAL DISPONIB POU ELÈV – APLIKE KOUNYE A!



Aplikasyon Gratis pou "Federal Student Aid (FAFSA)" (Èd Federal pou Elèv) 2019-20 ap disponib 1ye oktòb 2018 nan <https://fafsa.ed.gov/>.

Ranpli e voye fòm FAFSA a gratis e rapid, e li bay elèv aksè sou pi gwo sous èd finansyè pou peye pou kolèj. Anplis, anpil eta

ak kolèj itilize done FAFSA yo pou detèmine elijibilite pou jwenn èd leta ak lekòl, e kèk enstitisyon prive ki bay èd finansye ka itilize enfòmasyon FAFSA yo pou detèmine kalifikasyon pou èd y ap bay la.

Aksè nan kolèj souvan depann de abilite yon moun pou l asire li jwenn èd finansyè pou l peye pou kolèj. Florid gen twazyèm pi gwo pousantaj elèv ki elijib pou 'Federal Pell Grant' nan peyi a. Yon Pell Grant se yon don federal pou etidyan premye sik invèsite ki gen bezwen finansye. Se yon lajan ki esansyèlman gratis pou ale nan kolèj e etidyan an pa bezwen remèt. Maksimòm prim Federal Pell

Grant se \$6,095 pou ane don 2018-19 la.

Yo senplifye aplikasyon FAFSA a e li pran an mwayèn 25 minit pou ranpli l sou Entènèt oubyen sou nenpòt aparèy mobil. Majorite lekòl segondè òganize evènman Ranpli Fòm FAFSA. Kontakte konseye "College Assistance Program (CAP)" (Pwogram Asistans pou Kolèj) nan lekòl ou a pou plis enfòmasyon.

## DEPATMAN SÈVIS SANTE MANTAL M-DCPS – NOU KA EDE!



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) etabli nouvo Depatman Sèvis Sante Mantal la pou ofri yon meyè kowòdinasyon resous Distri ak kominotè nan yon efò pou ofri sèvis sante mantal ak tretman ki baze sou evidans pou elèv. Sèvis sa yo gen ladan ofri evalyasyon sante mantal, dyagnostik, entèvansyon,

ak retablisman. Anplis, ap gen yon ogmantasyon patenarya avèk ajans andeyò sistèm lekòl la pou ranfòse kolaborasyon ant lekòl yo ak kominote a. Pwoblèm sante mantal lakay timoun ak adolesan ka lakoz gwo chanjman nan fason yo aprann, nan konpòtman yo, oubyen fason yo jere emosyon yo, e komè konsekans, sa ka

lakoz dezolasyon ak difikilite pandan tout yon jounen. M-DCPS la pou l ede. Anplis sèvis konsèy sou sante mantal pou elèv ak fanmi, depatman an konsantre sou pwogram prevansyon nan domèn Nuizans, Sansiblite ak Fòmasyon sou Kilti ak Respè. Pou asistans, silvouplè kontakte lekòl pitit ou a oubyen rele (305) 995-7100.

## DEPOZE L!

**NO text.  
NO call.  
NOTHING**  
is worth losing a life over.

Èske w te konnen lè w ap voye mesaj tèks sa fè w pa gade wout la pandan anviwon 4.6 segonn? Se tankou kondui pou distans yon teren foutbòl a 55 'mph, san ou pa gade. M-DCPS ankouraje ou pou w pran angajman pou w pa voye mesaj tèks pandan w ap kondui!

"Pa gen okenn mesaj tèks, mesaj elektwonik, sit Entènèt, oubyen videyo ki merite pou m mete lavi m ak lavi lòt moun ki sou wout la an danje. Mwen pran angajman pou m pa janm voye mesaj tèks pandan m ap kondui e m pral patisipe aktivman nan edike lòt moun konsènan danje ki genyen nan voye mesaj tèks pandan y ap kondui."

## ELIJIBILITE POU REPA MIDI GRATIS OUBYEN NAN PRI REDUI



Èske pitit ou a kalifye kounye a pou repa midi gratis oubyen nan pri redui nan Lekòl Leta Miami-Dade County, baze sou elijibilite lane pase? Pou kontinye benefis sa yo, ou dwe ranpli yon nouvo aplikasyon e voye li 3 oktòb 2018 oubyen avan. Aplike kounye a nan [freeandreducedmealapp.dadeschools.net](http://freeandreducedmealapp.dadeschools.net).

## E-TIPS FOR FAMILIES:

### Primè:

Fe Ptit Ou Vin Yon  
Moun ki Òganize  
<https://bit.ly/2wQ9yUI>

### Segondè:

Relasyon Solid  
Kòmanse avèk Lè  
<https://bit.ly/2NSdo6V>



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools

Komisyón Konsèy  
Lekòl Miami-Dade  
County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Doktè Lawrence S. Feldman  
Doktè Steve Gallon III  
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez  
Mari Tere Rojas  
Alberto M. Carvalho  
Sipètentandan Lekòl yo

Josh Rios  
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy  
Lekòl la

**Se yon Pwodiksyon Biwo  
Kominikasyon an**

Daisy Gonzalez-Diego  
Ofisyè Anchèf Kominikasyon